

FICH ENFÒMASYON SOU OPRESYON

Kisa opresyon ye?

Opresyon se yon maladi nan poumon ki diminye pasaj vwa respiratwa yo epi ki lakoz ou gen difikilte pou respire.

Opresyon se youn nan rezon ki plis lakoz timoun pèdi jou lekòl. Pitit ou ka gen twoub somèy akòz opresyon. Li ka lakoz li gen difikilte pou l jwe oswa pou li fè egzèsis fizik.

Men avèk medikaman, ou ka kontwòle opresyon an epi pitit ou ta dwe ka **dòmi oswa jwe san okenn difikilte**.



Kisa yon faktè deklanchè ye?

Yon **faktè deklanchè** se yon bagay ki pwovoke yon kriz opresyon oswa ki agrave l. Yon faktè deklanchè ka pousyè, bèt, polenn, plant, lafimen, odè ki fò, lè ki polye, egzèsis fizik, alèji alimentè oswa estrès. Faktè deklanchè yo varye de yon moun a yon lòt. Lè w konnen faktè deklanchè pitit ou a, sa ap ede w jere opresyon li a. Doktè pitit ou a ka ede w dekouvri kisa yo ye.

Siy ak Sentom yo

Opresyon pa menm jan lakay tout timoun. Gen sentom ki parèt ki pa rete. Sentom ou plis jwenn yo se:

- Tous
- Souf anlè (se yon son ke w ka tande pandan pitit ou ap respire ki tankou yon sifleman)
- Twoub respiratwa oswa souf kout pandan pitit ou a ap jwe oswa pandan l ap fè yon egzèsis fizik
- Pwatin sere (pitit ou ka di w pwatin li fè l mal oswa l pa santi l byen)
- Fatig / Kò kraze
- Tous lannwit
- Souf wo

Tretman

Gen de kalite medikaman ki trete opresyon: sa ki bay soulajman yo ak sa ki kontwòle yo.

Medikaman ki bay soulajman yo relache misk ki kontrakte toutotou vwa respiratwa yo. Nou dwe itilize medikaman ki bay soulajman yo pou aksyon rapid kont sentom opresyon yo.

Medikaman ki kontwòle yo redwi iritasyon, enflamasyon ak mikis ki bloke vwa respiratwa yo. Medikaman ki kontwòle yo pa bay soulajman rapid. Nou dwe pran medikaman ki kontwòle yo chak jou, epi yo ede fè prevansyon kont sentom opresyon yo. Pale ak doktè pitit ou pou w asire w ke w gen medikaman apwopriye yo epi pou ou menm ak pitit ou a konnen kijan ak kilè pou pran medikaman sa yo.

Kisa ou ka fè?

Ou dwe mennen pitit ou a wè doktè pi rapid ke posib si yo gen youn oswa plizyè nan sentom opresyon yo. Ou ka pale ak doktè a sou pi bon fason opresyon ka trete epi kreye yon plan tretman kont opresyon an. Aksyon rapid ka anpeche sentom yo vin pi mal.